


Repons Ijans pou Facebook



Repons pou lè genyen yon katastwòf natirèl:


Aprè yon siklòn, moustik yo kapab ogmante anpil nan dlo kap koule yo e antrave jefò kap fèt pou repare dega apre siklòn nan. Anpil nan moustik sa yo nwizib men yo pa pote maladi. Menmsi sa, gen kèk espès ki nan dlo yo ki kapab pote maladi. Se pou sa li enpòtan pou batay kont moustik yo pou kapab pwoteje kominote ou pandan w'ap elimine dega katastwòf natirèl yo lakòz. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/zika/vector/mosquitoes-and-hurricanes.html>



Après yon siklòn, moustik yo kapab ogmante anpil nan dlo kap koule yo e antrave jefò kap fèt pou repare dega après siklòn nan.

UFIFAS Center for Public Issues Education


Moun ki ap viv nan zòn kote ki genyen maladi moustik pote tankou Zika, Chikoungounya, Ladeng, riske enfekte pi plis toujou akòz viris sa yo apre yon siklòn oubyen yon inondasyon. Lè gen twòp ma dlo na yon zòn, sa bay moustik yo plis kote pou yo ponn ze. Nou dwe anpeche popilasyon moustik yo devlope pandan nap fè ma dlo yo koule. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/zika/vector/mosquitoes-and-hurricanes.html>



Lè gen twòp ma dlo nan yon zòn, sa bay moustik yo plis kote pou yo ponn ze. Nou dwe anpeche popilasyon moustik yo devlope pandan nap fè ma dlo yo koule.

UFIFAS Center for Public Issues Education

Pou anpeche moustik pike w, abiye avèk chemiz manch long ki byen laj, pantalon long epi pwodwi kont moustik ke EPA approve. Pwoteje fanmi w kont maladi moustik pote apre katastwòf natirèl. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/zika/prevention/prevent-mosquito-bites.html>




Li enpòtan pou ou mete chemiz manch long laj, pantalon long ak pase pwodwi kont moustik ke EPA ak FDACS apwouve sou kò w pou anpeche moustik pike w.

UFIFAS Center for Public Issues Education

Li pi fasil pou moustik pike w apre siklòn fin pase paske nan peryòd sa ou pase plis tan deyò ke nan tan nòmal yo pou ou kapab fè netwayaj. Epi, dlo kap koule yo fè kantite moustik yo ogmante anpil. Abiye avèk chemiz manch long ki byen laj, pantalon long epi pwodwi kont moustik ke EPA approve pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/zika/prevention/prevent-mosquito-bites.html>

Li pi fasil pou moustik pike w apre siklòn fin pase paske nan peryòd sa ou pase plis tan deyò ke nan tan nòmal yo pou ou kapab fè netwayaj. Epi, dlo kap koule yo fè kantite moustik yo ogmante anpil. Abiye avèk chemiz manch long ki byen laj, pantalon long epi pwodwi kont moustik ke EPA approve pou pwoteje tèt ou ak fanmi w.



UFIFAS Center for Public Issues Education

Repons Ijans pou Facebook



Pwogram Batay kont Moustik yo ap ede PWOTEJE kominote w apre inondasyon pandan yap detwi moustik granmoun yo avèk pwodwi ki fèt pou sa. Lè yap flite pwodwi nan lè a, yap itilize sèlman 2 ti kiyè poud pwodwi pou detwi moustik pou yon zòn ki gwose yon tèren foutbòl. Sa ap ede anpeche moustik ki kapab pote maladi ak moustik nwizib devlope. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/zika/vector/aerial-spraying.html>



Repons Ijans pou Facebook



Repons pou maladi ki gaye:

Sa koute anpil lajan pou trete maladi moustik pote. Yon moun ki soufri maladi Zika kapab depanse plis pase 50.000 dola pou fè trètman nan Florid, san konte li pap kapab bay bon randman pandan peryòd maladi a. Pwogram batay kont moustik la ap ede pwoteje kominote ou kont maladi moustik pote. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.ncbi.nlm.nih.gov/pmc/articles/PMC5407573/>

Sa koute anpil lajan pou trete maladi moustik pote.

UF IFAS Center for Public Issues Education

Lè maladi moustik pote yo ap fè ravaj, batay kont moustik granmoun yo se sèl mwayen ki ka pèmèt touye touswit moustik granmoun ki enfekte yo epi anpeche viris yo pwopaje, dapre Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi. Pwogram batay kont moustik la ap ede pwoteje kominote ou kont maladi moustik pote. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: https://www.cdc.gov/zika/vector/integrated_mosquito_management.html

Lè maladi moustik pote yo ap pwopaje, batay kont moustik granmoun yo se sèl mwayen pou toye touswit moustik granmoun ki enfekte e bloke pwopagasyon viris.

UF IFAS Center for Public Issues Education

Dapre CDC, kantite maladi moustik, tik ak pis lakòz ogmante 3 fwa plis Ozatazini soti 2004-2016. Abiye avèk pwodwi pou chase moustik ke EPA-asepte, chemiz manch long ki byen laj, pantalon long pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/media/releases/2018/p0501-vs-vector-borne.html>

Li enpòtan pou ou mete chemiz manch long laj, pantalon long ak pase pwodwi kont moustik ke EPA ak FDACS apwouve sou kò w pou anpeche moustik pike w.

UF IFAS Center for Public Issues Education

Li enpòtan pou elimine tout ma dlo bò lakay ou sitou lè gen epidemi maladi moustik pote. Paskè moustik yo bezwen dlo pou yo devlope. Fè travay pa w la pou pwoteje tèt ou e pwoteje fanmi w kont maladi moustik pote pandan wap elimine tout ma dlo epi trete tout dlo ki paka koule avèk pwodwi pou detwi moustik ki disponib nan tout magazen kenkay. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/zika/prevention/controlling-mosquitoes-at-home.html>

Li enpòtan pou elimine tout ma dlo bò lakay ou sitou lè gen epidemi maladi moustik pote, paske moustik yo bezwen dlo pou yo devlope.

UF IFAS Center for Public Issues Education

Repons Ijans pou Facebook



Mesaj ki kapab itilize pou tou de ijans yo:

Lè yo flite pwodwi nan lè a jan règleman yo mande sa, sa ap redwi byen vit e an tout sekirite kantite moustik granmoun ki nan yon gwo zòn. Pwogram batay kont moustik la ap ede anpeche popilasyon moustik yo ogmante e pwoteje kominote ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: https://www.cdc.gov/zika/vector/integrated_mosquito_management.html

Lè yo flite pwodwi nan lè a jan règleman yo mande sa, sa ap redwi byen vit e an tout sekirite kantite moustik granmoun ki nan yon gwo zòn.



UFIFAS Center for Public Issues Education

Ekipman pou pote nan men, aparèy pou flite ki sou tèt kamyon ak avyon kapab aplike pwodwi pou batay kont moustik granmoun. Pwogram batay kont moustik yo ap ede anpeche popilasyon moustik yo ogmante e pwoteje ou kont piki moustik yo ak kont maladi moustik yo pote. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: https://www.cdc.gov/zika/vector/integrated_mosquito_management.html

Ekipman pou pote nan men, polaris, aparèy pou flite ki sou tèt kamyon ak avyon kapab aplike pwodwi pou batay kont moustik granmoun.



UFIFAS Center for Public Issues Education

Lafyèy jòn, Lafyèy deng, Viris Nil Occidental ak Zika se maladi moustik pote e moustik pwopaje. Pwogram batay kont moustik yo ap pwoteje w pandan yap anpeche kantite moustik yo ogmante. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwayen pou fè prevansyon ak pwoteksyon, konsilte paj sa: <https://www.cdc.gov/niosh/topics/outdoor/mosquito-borne/other.html>



Lafyèy jòn, Lafyèy deng, Viris Nil Oksidental ak Zika se maladi moustik pote e moustik pwopaje. Pwogram batay kont moustik yo ap PWOTEJE w pandan yap ANPECHE kantite moustik yo ogmante.

UFIFAS Center for Public Issues Education